

CHAPIT 22

Ede yon fi apre avòtman oswa foskouch

Nan chapit sa a:

Pwoblèm ki rive lè yon gwosès pran fen anvan lè 401

Kesyon chèche swen apre avòtman oswa foskouch401	Pran swen fi a fizikman apre avòtman oswa foskouch404
---	--

Sipò nan domèn afektif apre yon gwosès
pran fen anvan lè403

Ki jan pou bay swen nan ka dijans apre foskouch oswa avòtman 406

Avòtman ki enkonplè406	Senyen.....412
Enfeksyon409	Chòk414

Travay avèk kominote a pou anpeche avòtman ki danjere..... 415

ÈDE YON FI APRE AVÒTMAN OSWA FOSKOUCH



Pafwa yon gwosès pran fen anvan lè. Lè yon fi fè foskouch, li senpleman kòmanse bay san oswa li gen kontraksyon jiskaske pitit la tonbe. Lè se volontèman yon moun jete pitit li ki nan vant, yo rele sa avòtman.

Pifò foskouch pa bay pwoblèm, men pafwa sa rive. Avòtman gendwa pa danjere si se yon moun ki gen eksperyans e ki abil ki fè l, epi si l itilize zouti ki esterilize oswa medikaman ki bon pou sa. Sepandan, anpil avòtman pa fèt byen. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou foskouch, gade paj 91. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou avòtman, gade paj 92.

Pwoblèm ki rive lè yon gwosès pran fen anvan lè




Yon fi ka gen gwo pwoblèm sante lè yon gwosès fini anvan lè. Yon pati nan pitit la ka rete nan matris la. Li ka senyen anpil oswa fè enfeksyon. Si l pa jwenn tretman, li ka mouri. Chapit sa a pral esplike ki jan pou w:

- Siveye move siy.
- Bay yon fi swen dijans lè l gen pwoblèm apre yon gwosès pran fen anvan lè.

KESYON CHÈCHE SWEN APRE AVÒTMAN OSWA FOSKOUCH

Fi k ap bay san oswa ki gen enfeksyon apre foskouch oubyen avòtman bezwen asistans medikal rapid. Men, anpil fwa yo pa jwenn asistans sa a. Yo gendwa pa gen lajan pou peye pou swen lè gen pwoblèm. Pou fi ki rete byen lwen andeyò, yon vwayaj pou ale lopital nan vil ka twò lwen, vwayaj la ka fè l pè, oswa li ka koute twò chè. Anpil fi, sitou fi ki pa marye, santi yo dwe kache eta yo ye a paske moun yo gen yon move pwennvi sou sèks, planin, oswa avòtman. Laperèz, razè, epi distans fi a parapò ak swen sante a, tout se rezon ki pa dwe fè yon fi soufri, men, malerèzman sa rive souvan.





Fanmsaj ka ede sove lavi anpil fi, paske souvan fanmsaj yo se pwofesyonèl lasante ki pi pre epi kominote a plis fè yo konfyans. Lè yon fi ki malad konnen gen yon moun ki rete toupre ki janti, ki abil, epi ki pa koute chè, gen plis chans pou fi a chèche swen li bezwen pou l pa mouri a.



Avòtman ki danjere

Fi toupatou jwenn fason pou yo jete pitit yo pa vle. Men, anpil fi pa gen fason pou yo fè avòtman san danje. Piske li ilegal oswa li koute twò chè, fi ki pa vle yon pitit eseye jwenn lòt fason pou yo jete l. Yo fè avòtman nan men

moun ki pa konn fè l san danje oswa moun ki pa chwazi pou yo fè l san danje. Moun sa yo ka mete savon, pwodui chimik, fimye, moso bwa file, ak lòt materyèl ki danjere nan matris fi a. Gen fi tou ki eseye sèvi ak metòd sa yo poukont yo.

Metòd sa yo preske pa janm mache, epi yo trè danjere. Avòtman ki mal fèt lakòz plizyè dizèn milye fi mouri chak ane. Plizyè santèn milye fi tonbe malad oswa yo vin pa ka fè pitit ankò.



Pran yon desizyon pou ede medam sa yo

Gen kèk fanmsaj ki pè pran swen fi ki te fè avòtman nan move kondisyon. Yo panse moun ka rann yo responsab avòtman an. Sepandan, menm nan zòn kote avòtman ilegal, li legal pou sove lavi fi k ap soufri apre yon avòtman ki te mal fèt.

Gen fanmsaj ki kwè avòtman se yon move bagay, e poutèt sa yo refize pran swen fi ki te fè avòtman. Men, pran swen yon fi ki an danje apre yon avòtman ki mal fèt, se pa menm bagay ak si se ou menm ki fè avòtman an. Apre yon avòtman ki mal fèt, yon fi ka mouri si l pa jwenn asistans. Lè yon fi malad, pou kèlkeswa rezon an, yon fanmsaj dwe ede l.

Okòmansman, mwen pa t vle ede fi ki te malad apre yo te eseye jete pitit yo. Men, si m pa t ede yo, yo t ap mouri!



Mwen pa dakò ak jete pitit, men, mwen se yon fanmsaj, e m ap ede nenpòt fi k ap souffri oswa ki an danje.

SIPÒ NAN DOMÈN AFEKTIF APRE YON GWOÈS PRAN FEN ANVAN LÈ



Fi ki te fè foskouch oswa avòtman ka santi yo pè, yo tris, oswa yo boulvèse, sitou si foskouch la oswa avòtman an ba yo pwoblèm sante. Doulè afektif sa a gen menm enpòtans ak lòt doulè fi a genyen nan kò l. Ou ka ede yon fi ak doulè afektif li a anvan, pandan, e apre ou ba l swen pou

pwoblèm medikal yo.

Lè yon fi fè foskouch, li ka santi se yon gwo desepsyon lefètke gwoès la fini anvan lè. Li ka santi l koupab, e li ka akize tèt li kòm kwa foskouch la se fòt li. Gade paj 91 pou plis enfòmasyon sou ki sa ki ka lakòz foskouch epi ki jan w ka bay yon fi swen ak sipò apre yon foskouch.

Jeneralman, si yon fi gen yon gwo pwoblèm sante apre li fin fè yon avòtman se paske avòtman an te mal fèt. Si moun ki te fè avòtman an pa t byen fè l, moun nan gendwa te malelve e derespektan ansanm avè l tou. Avòtman an ka te bay fi a gwo kè sote ak anpil doulè. Si avòtman ilegal, fi a ka pè pou yo pa pini l. Fè tout efò w pou w bay medam sa yo bonjan swen.

Fanmsaj ka ede yon fi ki gen doulè afektif

Pataje enfòmasyon

- Esplike sa k lakòz maladi a oswa san k ap koule a.
- Esplike sa w ap fè pou ede l.
- Si l pa vle ansent ankò, ede l chwazi yon metòd planin k ap bon pou li (gade Chapit 17).

Koute epi bay sipò

- Mande l si l vle pale sou kòman li santi l. Li gendwa pa rakonte w si w pa mande l.
- Koute l si l vle pale oswa kriye.
- Rekonfòte l menm jan w t ap fè sa pou yon fanmi w oubyen yon zanmi w.



Pa blame fi a pou pwoblèm sante a

Gen moun ki panse yon fi malad paske l merite malad. Pa egzanp, gen fanmsaj ki panse fi ki fè foskouch pèdi pitit yo paske yo mechan. Gen lòt ki panse fi ki malad apre yo fin fè yon avòtman, se pini y ap pini yo poutèt yo te fè avòtman. Men anfèt, pèsonn pa merite malad, epi tout moun merite jwenn swen lè yo malad.

Blame yon fi poutèt li malad pap ede l rejwenn sante.

PRAN SWEN FI FIZIKMAN APRE AVÒTMAN OSWA FOSKOUCH


Verifye siy fizik fi a, tankou tanperati, batman kè, ak kantite san k ap koule. Sa ap ede w wè ki kalite swen li bezwen.

BON SIY

- Doulè lejè oswa ti kranp anba vant lan pandan kèk jou.
- San vide piti (prèske menm kantite ak lè l gen règ li) pandan kèk jou, oswa kèk ti tach san pandan 2 semèn.

MOVE SIY

- Gwo lakranp anba vant lan.
- Anba vant lan di oswa li anfle.
- San vide fò, gwo san kaye, oswa san vide pandan plis pase 2 semèn.
- Vajen an bay move sant.
- Tanperati l wo: 38° C (100.4° F) oubyen plis.
- Kè l bat rapid: plis pase 100 fwa pa minit.
- Gwo anvi vomi.
- Vètij oswa tèt vire.



Epitou, ou dwe poze l kesyon sou gwosès la.

Chèche konnen pandan konbyen tan li te ansent. Li pi fasil pou ede yon fi ki fè foskouch oubyen avòtman nan premye mwa gwosès yo pase yon fi ki te gen plizyè mwa depi l ansent. Si yon fi te ansent pandan plis pase 3 mwa, epi kounye a li gen pwoblèm, mennen l kay doktè.

Mande l ki jan avòtman an oswa foskouch la te fèt. Si fi a te fè yon foskouch oswa si se yon pwofesyonèl lasante eksperimante ki te itilize zouti esterilize pou fè avòtman an pou li, fi a gen mwens chans pou l blese oswa pou l trape yon enfeksyon ki grav, pase yon lòt fi ki te fè avòtman ak zouti ki pa pwòp. Pa egzanp, si fi a di w yon moun te itilize yon moso fil kouran ki file pou l fè avòtman an, w ap konnen pou chèche si l blese anndan kò l (paj 413).

Rès chapit sa a esplike ki jan pou ede yon fi ki gen pwoblèm apre yon foskouch oswa yon avòtman.

Sonje, yon fi ka pa prese pale sou sa k te pase apre yon foskouch oswa yon avòtman. Poze l kesyon ak anpil respè. Epi, fè l konnen ou pap pataje sa l di w yo ak lòt moun sof ak lòt pwofesyonèl k ap travay nan domèn swen sante a.

Aprann medam yo ki jan pou yo pran swen tèt yo

Yon fi dwe byen pran swen tèt li pandan kèk jou apre yon foskouch oswa yon avòtman. Sa ka anpeche l trape yon enfeksyon epi sa ap ede kò l geri pi vit. Yon fi dwe fè bagay sa yo:

- Bwè anpil likid epi manje bagay ki bon pou kò a (gade paj 33 a 42).
- Repoze souvan.
- Evite fè travay ki di pandan yon semèn.
- Benyen regilyèman, men li pa dwe lave anndan vajen l ni chita anndan yon kivèt dlo pou l benyen toutotan poko gen plizyè jou depi san an rete.
- Itilize sèvyèt ki pwòp oswa kotèks pou kenbe san an, epi chanje kotèks yo souvan.

Epitou, fi a pa dwe mete anyen anndan vajen l, e li pa dwe fè relasyon seksyèl pandan omwen 2 semèn, oubyen jiskaske san an rete depi plizyè jou.




Ki jan pou bay swen nan ka dijans apre foskouch oswa avòtman

De pi gwo pwoblèm fi konn genyen apre foskouch oswa avòtman se senyen twòp epi enfeksyon.

Enfeksyon ka rive poutèt rezon sa yo:

- Rès dechè gwosès la rete anndan matris fi a apre foskouch la oswa avòtman an (gade paj suivan an).
- Mikwòb antre anndan matris la pandan avòtman an, lè yon bagay ki pa esterilize te antre anndan matris la.



Gade paj 409 pou plis enfòmasyon sou enfeksyon.



Li ka **senyen twòp** poutèt rezon sa yo:

- Rès dechè gwosès la toujou anndan matris fi a apre yon foskouch oswa avòtman.
- Yon zouti te blese matris la oswa vajan an pandan yon avòtman (gade paj 413).
- Matris la enfekte.



ATANSYON! Si yon fi ap bay anpil san oswa li gen yon enfeksyon grav, li ka antre nan eta chòk (gade paj 414) oswa li ka menm mouri. Mennen l lopital rapid.

Si w te jwenn fòmasyon sou ki jan pou ede fi apre yon avòtman ki mal fèt oswa apre yon foskouch, ou ka ba l asistans ou menm.




AVÒTMAN KI ENKONPLÈ (DECHÈ GWOSÈS LA RETE ANNDAN MATRIS LA)

Avòtman ki enkonplè se yon gwo rezon ki lakòz pèt san ak enfeksyon. San an ak enfeksyon an pap kanpe toutotan tout rès dechè gwosès la pa soti nan matris la.

MOVE SIY

- **Rès gwosès la ap tonbe sot nan matris la.** Si w fe yon egzamen basen ou gendwa wè moso chè k ap soti nan kòl matris la oswa ou ka santi matris la toujou gwo paske li gen matyè anndan l toujou.
- **Enfeksyon.** Fi a ka gen lafyèv, vajen l ka gen move sant, oswa li ka gen doulè nan vant. (Gade paj 409.)
- **Anpil san ap soti nan vajen an.** (Gade paj 412.)



Dechè gwosès la oswa san ka soti nan kòl matris la.


Tretman pou avòtman ki enkonplè

Gen plizyè fason pou netwaye matris la apre yon avòtman ki enkonplè. Nan liv sa a, nou esplike kòman pou itilize:

- Ponn aspiratè (kitaj)
- Medikaman
- Pens oswa lòt mwayen pou retire rès gwosès la nan kòl matris la, si w pa ka itilize 2 premye metòd yo.

Ponn aspiratè (kitaj)

Pi bon tretman pou avòtman ki enkonplè se itilize yon ponn aspiratè pou netwaye matris la (gade Chapit 23). Menmsi jeneralman ponn lan pa danjere pou itilize sèlman pandan 3 premye mwa gwosès yo, li vo lapèn pou w eseye sèvi avè l apre 3 mwa si yon fi fè yon avòtman ki enkonplè.



Sereng ak kanil pou ponn aspiratè a.

Trete avòtman ki enkonplè avèk medikaman

Gen 2 medikaman ki ka ede netwaye matris la apre yon avòtman ki enkonplè: “misoprostol” ak “ergometrine”. Ou ka bay “misoprostol” nan bouch oswa anndan twou deyè a. Li fè matris la kontrakte epi li pouse tout rès dechè gwosès la deyò. Li pi bon pou sèvi ak medikaman sa lè fi a ka jwenn swen dijans, tankou kitaj, paske medikaman an ka fè l bay anpil san, epi li pa toujou fin netwaye matris la nèt. “Ergometrine” se yon lòt medikaman ki lakòz kontraksyon, ou ka bay li kòm konprime oswa piki.



Pou netwaye matris la apre yon avòtman enkonplè

- Bay 400 mikwogram (mkg) “misoprostol”, nan bouch.
Fi a dwe mete konprime yo bò chak machwè oswa anba lang li jiskaske yo fin fonn, apre sa pou l vale yo.

Oswa

- Bay 600 mkg “misoprostol”, nan bouch, yon sèl fwa
Oswa
- Bay 0.2 miligram (mg) “ergometrine”, nan bouch, yon sèl fwa

Oswa

- Bay yon piki 0.2 mg “ergometrine”, nan mis, yon sel fwa

Lè yo itilize “misoprostol” pou tèmine yon gwosès

Yo konn itilize “Misoprostol”, jeneralman ansanm ak yon lòt medikaman ki rele “mifepristone”, pou tèmine yon gwosès nan 3 premye mwa yo (gade paj 485). Piske “misoprostol” disponib nan famasi epi li pa chè, gen fi ki itilize l sèlman pou yo fè avòtman.


Li enpòtan anpil pou gen swen sante dijans disponib lè yon moun ap itilize “misoprostol” pou tèmine yon gwosès paske li ka lakòz anpil san koule, avòtman enkonplè, oswa lòt pwoblèm grav. Li ka pran plizyè èdtan oswa menm plizyè jou pou l fin netwaye matris la si se “misoprostol” sèlman yo itilize pou sa. Si l pa ka fin netwaye matris la nèt, fi a dwe chèche yon lòt moun pou fin netwaye matris la yon lòt fason.




ATANSYON! Pa ititze “misoprostol” apre 12 semèn gwoses. Matris la vin pi sansib epi li ka fann.

Retire rès dechè gwosès ki nan kòl matris la

Si w pa ka sèvi ak ponp aspiratè, ou pa ka bay medikaman, epi ou pa ka jwenn yon lòt moun pou netwaye matris la, fè yon egzamen espekilòm (gade paj 377) epi chèche moso chè ak san kaye k ap soti nan kòl matris la. Itilize yon pens esterilize ki long pou w retire chè ak san kaye a. Fason sa a pa toujou efikas, men l pi bon pase pa fè anyen.



Si w pa gen yon espekilòm men w konn ki jan pou w fè yon egzamen 2 men (gade paj 384), lave men w byen epi mete gan plastik ki esterilize. Mete 2 dwèt nan vajen fi a pou w touche matris li. Pase dwèt ou atravè ouvèti kòl matris la. Si w santi rès dechè ap soti anndan kòl matris la, eseye retire l dousman. Si l twò glise pou kenbe, vlope 2 dwèt ou ak twal gaz ki esterilize, oswa yon moso twal fen ki esterilize, epi eseye ankò. Li ka fè fi a mal, donk fè l byen dousman. Metòd sa pa efikas, men l pi bon pase pa fè anyen ditou.



ATANSYON! Si w pa ka retire dechè gwosès ki rete apre yon avòtman ki enkonplè a, ou dwe mennen l lopital menm kote a pou rès dechè gwosès la ka soti. Pandan w sou wout lopital la, bay fi a tretman pou enfeksyon lè w ba l medikaman ki nan paj 410, epi siveye pou wè si l ap antre nan eta chòk (paj 414).



Aprè w fin retire rès dechè gwosès la:

- Manyen matris la pa deyò pou wè si l mou. Fwote matris la chak detwa èdtan pou l ka rete di (gade paj 224).
- Veye siy enfeksyon (gade pi ba a).

ENFEKSYON


Yon fi ki gen enfeksyon nan matris an danje. Enfeksyon an ka lakòz matris la blese, epi li ka pwopaje nan san an (sepsis). Sepsis trè danjere, e li ka lakòz chòk ak lanmò. Pi souvan medam yo trape enfeksyon apre avòtman kote yo te itilize zouti ki pa t esterilize, oswa apre foskouch oubyen avòtman ki enkonplè. Men, menm yon avòtman ki te byen fèt ka lakòz enfeksyon kèk fwa.

MOVE SIY

- Tanperati kò l wo: plis pase 38° C (100.4° F).
- Kè l bat vit: plis pase 100 fwa pa minit.
- Li gen frison epi kò l ap tranble.
- Vant li anfle, li di, oswa li fè l mal.
- Gen yon likid k ap soti nan vajen an ki gen move sant.
- Li santi l malad oswa fèb.

Pou ede yon fi ki gen yon enfeksyon

- Si l toujou gen rès dechè gwosès la nan matris li, enfeksyon an pap amelyore toutotan rès dechè a pa soti. Sèvi ak youn nan metòd ki nan paj 407 ak 408 la pou netwaye matris la.
- Ba l antibyotik (gade pi ba a).
- Li paj 411 konsènan fason pou evite enfeksyon tetanòs.
- Ankouraje fi a bwè anpil likid. Sa ap ede kò l konbat enfeksyon an. Si l gen difikilte pou l bwè, ba l sewòm oral (paj 160), likid nan dèyè (paj 342), oswa sewòm nan venn (paj 350).
- Ankouraje fi a manje bagay ki bon pou kò a. Fwi ki fre, tankou zoranj, gwayav, papay, mango, ak lamveritab gen vitamin C ki ka ede l konbat enfeksyon.
- Si w konnen ki jan pou itilize remèd fèy pou rete enfeksyon, ou mèt bay fi a, men **pa mete okenn remèd fèy anndan matris la.** (Gade paj 19 pou kèk konsèy sou fason pou deside si yon remèd fèy bon oswa si l danjere.)



Pou trete enfeksyon

Mennen l lopital. Sou wout la, bay remèd sa yo. Pou tout enfòmasyon sou remèd sa yo, gade paj vèt nan liv sa a ki pale de medikaman, apati paj 463.

- Bay yon piki 2 gram (g) “ampicillin”, nan mis, apre sa ba li 1 g, 4 fwa pa jou

Epi

- Bay yon piki 300 miligram (mg) “gentamicin” oswa 5 mg pou chak kilogram fi a peze, nan mis, 1 fwa pa jou

Epi

- Bay 400 a 500 mg “metronidazole”, nan bouch, 3 fwa pa jou

Lè siy enfeksyon yo disparèt depi 48 èdtan, sispann ba li antibyotik sa yo. Ansuit, kòmanse ba li konprime “doxycycline”.

Lè siy yo disparèt depi 48 èdtan

- Bay 100 mg “doxycycline” nan bouch, 2 fwa pa jou pandan 10 jou

Si w pa ka bay medikaman an nan piki oswa si w pa gen medikaman ki pi wo yo

Ou ka bay medikaman nan bouch pito.

- Bay 3.5 g “ampicillin”, nan bouch, yon sèl fwa

Epi

- Bay 100 mg “doxycycline”, nan bouch, 2 fwa pa jou, pandan 10 jou

Tetanòs

Avòtman ki danjere ka lakòz tetanòs, ki se yon kalite enfeksyon.

Fi ki pa t pran vaksen kont tetanòs gen anpil chans pou yo tonbe malad epi pou yo menm mouri ak enfeksyon tetanòs si nenpòt zouti ki pa esterilize te antre nan matris yo pandan yon avòtman.

Si yon fi te sibi yon avòtman ki mal fèt, epi sanble li pa t vaksine kont tetanòs pandan 10 an ki sot pase yo, ba l yon piki kont tetanòs imedyatman.




Pou pwoteje kont enfeksyon tetanòs

- Bay yon vaksen ki gen 1500 Inite antitoksin tetanòs (“tetanus antitoxin”), nan mis *Epi apre 4 semèn*
- Bay yon vaksen 0.5 mililit (ml) “tetanus toksoid”, nan mis

Siy tetanòs

- Tèt fè mal
- Difikilte pou vale
- Kou rèd
- Machwè k ap fè mouvman pou kò l
- Kò rèd
- Mis k ap fè kontraksyon ki fè mal
- Kriz tonbe



Siy enfeksyon tetanòs yo ka kòmanse plizyè semèn apre fi a trape enfeksyon an.

Si yon fi gen tetanòs, mennen l lopital menm kote a. Pandan nou sou wout, mete l kouche sou kote, fè l rete byen kal, epi pa kite limyè/klète frape l.

Tout fi dwe vaksine pou anpeche yo trape tetanòs. Gade paj 102 pou enfòmasyon sou vaksen tetanòs.

SENYEN

Apre yon foskouch oswa yon avòtman, li nòmal pou san kontinye koule menm kantite ak lè fi a gen règ li. Kèk fi konn gen yon ti kantite san ki kontinye koule jiska 2 semèn. Apre yon 2 jou, san an sipoze pi nwa, li pa dwe wouj vif. Li pa nòmal pou yon fi bay plis san pase sa, e li ka danjere. Si yon fi bay anpil san apre yon avòtman, sitou si san an wouj vif epi li pa gen anpil san kaye ladan l, sa vle di se san fre k ap koule a. Fi a an danje; fòk san an rete. Si l kontinye bay san, li ka antre nan eta chòk (paj 414) e li ka menm mouri.

Fi bay twòp san apre yon avòtman oswa foskouch poutèt rezon sa yo:

- Matris la pa ratresi jan l dwe fè sa.
- Rès dechè gwosès la rete nan matris la.
- Fi a blese pa anndan (gade paj 413).

Yon fi ka ede tèt li si l ap bay anpil san




Si yon fi ap bay san epi li pa gen pèsonn ki pou ede l, li ka eseye rete san an poukont li. Li pwobab pou metòd sa a pa sifi pou rete san an nèt, men li ka ralanti l.

Pandan fi a kouche oswa li akoupi, se pou l fwote anba vant lan byen fò pou matris la ka vin ratresi. Si gen rè s dechè gwosès la nan matris li, li ka pouse l deyò menm jan ak lè l ap pou pou, oswa menm jan ak lè l ap pouse yon pitit.

Ki jan pou w ede yon fi k ap bay san

1. Netwaye matris la pou san an ka rete (gade paj 407).



Mwen bezwen netwaye matris la pou san an ka rete. Li pap pran anpil tan.



2. Fwote matris li tanzantan jiskaske l vin di (gade paj 224) pou san an ak rèz dechè yo ka soti.
3. Verifye si fi a fè enfeksyon.
4. Veye fi a pou siy ki endike li nan eta chòk (gade paj 414).


Blese anndan kò a

Si yon fi blese pa anndan pandan yon avòtman, pi souvan se akòz yon zouti file ki te fè yon twou nan matris li. Anmenmtan, zouti a te ka blese lòt ògàn anndan kò fi a, tankou ovè yo, trip yo, oswa vesi a.

Lè yon fi blese anndan, li gendwa ap senyen pa anndan vant li san w pa wè sa. Oubyen tou, li ka gen san k ap soti nan vajen l ou ka wè.


MOVE SIY

- Vant lan rèd, li di, epi li pa fè bri anndan (tankou son gaz konn fè a).
- Gwo doulè oswa lakranp nan vant.
- Fyè, frison, oswa l ap tranble.
- Noze ak vomisman.
- Doulè nan youn oswa nan toude zepòl.
- Chòk.



ATANSYON! Nenpòt fi ki blese pa anndan dwe al lopital oswa yon sant medikal imedyatman pou l fè operasyon. Si l pa fè operasyon, li ka mouri.

Pandan nou sou wout lopital la, bay fi a tretman pou chòk (gade paj suivan an), men pa ba l okenn manje oswa likid nan bouch. (Pa gen pwoblèm si w ba l medikaman nan bouch avèk yon ti dlo pou l ka vale medikaman an.)



CHÒK

Si yon fi fè yon enfeksyon grav oswa l ap bay anpil san, li ka antre nan eta chòk.


MOVE SIY

- Li santi l ap dekonpoze, li gen tèt vire, li fèb, oubyen lespri l bouye.
- Li blèm epi swè l frèt.
- Batman kè l rapid: plis pase 100 fwa pa minit.
- Souf li wo e rapid.
- Tansyon li kontinye ap desann.
- Pafwa li pèdi konesans.

Mennen l lopital rapid. Ou dwe trete l pou chòk anvan an pou l pa mouri. Apre sa ou ka suiv direksyon ki nan kòmansman chapit sa pou w ka rete san an oswa enfeksyon an.

Pandan w sou wout lopital la:

- Fè fi a kouche avèk pye l pi wo pase tèt li, epi vire tèt li sou yon bò.
- Ba l likid. Si l gen konesans, li ka bwè dlo oswa sewòm oral (gade paj 160). Si l pèdi konesans, ou ka ba li likid nan dèyè (gade paj 342) oswa sewòm nan venn, si w konn ki jan pou w fè sa (gade paj 350).



- Si l pèdi konesans, pa ba l anyen nan bouch, ni medikaman, ni likid, ni manje.

Travay avèk kominote a pou anpeche avòtman ki danjere

Anpil enfòmasyon ki nan chapit sa a pale sou ki jan pou sove lavi yon fi apre yon avòtman ki te mal fèt oswa ki te enkonplè. Ou ka fè plis pou pwoteje sante medam yo lè w fè efò pou w konprann e anpeche sa ki lakòz moun nan kominote a fè avòtman ki danjere.

Reflechi sou kòman bagay yo ka chanje yon fason pou medam yo pa oblije fè avòtman ki danjere ankò. Ansuit, travay pou anpeche move pratik sa yo fèt nan kominote a. Gen fanmsaj ki aprann fanmi yo ki jan pou yo fè planin. Gen lòt ki travay pou chanje pwennvi kominote a sou kesyon avòtman. Gen lòt ki travay pou yo chanje lwa peyi yo.

Ankouraje medam ak lòt moun nan kominote a pou yo pale sou wont ak laperèz fi yo santi lè yo malad akòz yon move avòtman. Travay pou jwenn solisyon pou kominote a yon fason pou plis fi jwenn swen yo bezwen.

